

Kontinye konvèsayon an

**avèk founisè swen sante
w la ke ou fè konfyans.**

**Jwenn plis enfòmasyon:
boston.gov/CovidFacts**



Vaksen ak Fanmi ou

Kèlkeswa kote w ye nan vwayaj pou gwo sès ou a, vaksinasyon se yon mwayen san danje epi efikas pou pwoteje tèt ou ak pitit ou. Men sa ou dwe konnen:

Vaksen pwoteje moun nan anseye sistèm iminitè a kijan pou l defann tèt li kont mikwòb yo, nan ede kò yo kreye antikò ki pral goumen kont enfeksyon epi pwoteje yo kont maladi grav.

Vaksen enpòtan anpil pou tibebe w la, Paske sistèm iminitè yo pa fin devlope nèt lè li fenk fêt, lè w ale vaksinen pandan w ansent lan sa ap anpeche li vin malad grav.

Vaksen yo pwoteje tibebe w la nan ede l devlope defans natirèl li yo. Lè ou pran vaksen an pandan ou ansent, ou bay tibebe w la yon iminitè akoutèm apre l fin fêt. Iminite sa a ka dire jiskaske timoun yo gen sis mwa, ki se lè yo vin kalifye pou resevwa vaksen grip ak COVID-19 yo.

Ki pi bon fason pou w pwoteje fanmi w? Toujou pran vaksen w yo atan.

Ki sa n ka di konsènan efè segondè yo?

Se nòmal pou w enkyete w pa rapò ak efè segondè yo ou vle pou tibebe w la rete anfòm. Erezman, efè segondè grav ki ta ka lakòz yon pwoblèm sante alontèm yo ra anpil apre yon moun fin pran nenpòt vaksen, tankou vaksen COVID-19 la.

Vaksen COVID-19 la

Vaksen COVID-19 la menm jan ak tout lòt vaksen. Li anpeche moun pran maladi grav epi li kapab fè ou menm ak timoun ou an pa ale lopital.

Li sekirité epi l efikas. Yo bay plis pase 676 milyon dòz vaksen COVID-19 Ozetazini depi desanm 2020 rive me 2023.

COVID-19 ak Pitit mwen an

Vaksen Grip ak vaksen COVID-19 yo disponib pou tout moun ki gen pou pi piti sis mwa. Lè w pran vaksen, sa kapab ede tibebe w la:

- Rete an sante, pou paran yo ka rete nan travay yo
- Dòmi pi byen lè w evite maladi
- Pa kite maladi fè w ap mennen timoun ou lopital
- Evite pase twòp tan nan klinik doktè



**Konnen Reyalite yo.
Jwenn Verite a.**

**Enfòmasyon
sou Vaksen pou
Oumenm ak
Ptit ou a**

Gen kèk efè segondè ki kapab parèt apre nenpòt ki kalite vaksen, men yo anjeneral pa twò grav epi yo pa dire anpil tan.

Risk pou efè segondè grav ta parèt la ba anpil-men gen anpil avantaj pou sante tibebe w la.



Vaksen ak Fètilite

Si w ap eseye oswa ou gen espwa vin ansent, li enpòtan pou pran swen sante ou ak sante tibebe ou a. Vaksen yo ka jwe yon wòl enpòtan.

Pa gen okenn prèv ki montre vaksen yo, tankou vaksen grip ak COVID-19 yo, kapab lakòz nenpòt pwoblèm pandan w ansent kounye a la oswa alavni. Anpil moun vin ansent apre yo fin pran vaksen grip ak/oswa vaksen COVID-19 epi yo menm rive akouche san pwoblèm apre sa a. Anfèt, vaksen yo ede nan anpeche konplikasyon ki grav yo parèt pandan ak apre gwo sès la.



Vaksen ak Gwo sès

Ou ansent epi w ap mande tèt ou si ou ta dwe pran vaksen?

Ale vaksinen pandan w ansent kapab ede w ou menm ak tibebe w la rete ansante, menm apre tibebe an fin fèt.

Etid yo montre lè yon moun pran vaksen kont grip ak COVID-19 pandan gwo sès li, sa ka pwoteje tibebe ki gen mwens pase sis mwa yo pou yo pa malad ak grip.

Tankou grip, enfeksyon COVID-19 kapab lakòz gwo konsekans sou sante moun ki ansent yo. Lè moun ki ansent vin malad ak COVID-19, risk pou yo vin akouche anvan lè oswa pou tibebe fèt tou mouri yo ogmante. Timoun ki fèk fèt ki malad nan COVID-19 yo tou nan risk pou yo devlope maladi grav ak entène nan lopital.



Benefis pou Tibebe ak Benefis Paran

Pran vaksen an ap ede w pwoteje tèt ou ak tibebe w la lè li gen plis risk sou tèt pa l. Vaksen yo fonksyoné nan ede paran ki ansent yo devlope antikò ki ba yo yon nivo adisyonèl defans kont maladi grav yo.

Menm si yo ba w kèk vaksen tousuit apre pitit ou a fin fèt, gen lòt y ap vin ba w pi devan Si ou ansent epi w ale vaksinen, oswa w vaksinen epi ou kapab bay tete, antikò ou yo ap pataje ak tibebe ou a epi yo ka pwoteje li kont viris jiskaske li vin gran ase pou l pran vaksen an.

Tibebe ki fenk fèt yo nan gwo risk pou yo devlope konplikasyon grav ki gen pou wè ak grip epi ak COVID-19. Vaksen yo kapab pèmèt yo toujou ret ansante.

Enkyetid Konsènan Vaksen

Li nòmal pou w gen enkyetid konsènan vaksen yo. Sante pa w ak sante pitit ou a enpòtan pou ou.

Bon nouvèl la se Jinekològ Obstetrisyn yo/ Enfimyè Fanm Saj Sètifye yo (Certified Nurse Midwives, CNMs) yo ak pedyat yo rekòmande vaksinasyon pou moun ki ansent oswa ki vle vin ansent yo, epitou, pedyat yo rekòmande vaksen pou timoun yo. Poukisa? Paske yo san danje epi yo ka anpeche maladi grav, yo ka anpeche moun entène lopital, epi evite lanmò.

Pi bon fason pou jwenn enfòmasyon ou bezwen, se pale ak yon pwofesyonèl swen sante ou fè konfyans. Li pral pale sou enkyetid ou genyen yo, ede ou konprann kijan vaksen yo fonksyoné, pou w kapab deside pou fanmi ou.

